

Cambridge, MA HMIS ak Cambridge Coordinated Access Network (C-CAN)

Fòm Konsantman Kliyan an

Kisa Cambridge HMIS ak Cambridge CAN ye?

Sistèm Jesyon Enfòmasyon Sanzabri (HMIS) a se yon sistèm kolèk done enfòmatize ki kreye pou kolekte enfòmasyon kliyan osijè karakteristik ak bezwen nan sèvis moun ak fwaye kay (*households*) ki gen risk pou vin sanzabri. Enfòmasyon yo kolekte nan HMIS pral ede nou analize epi amelyore livrezon sèvis, idantifye pwogram ou elijib pou yo, konprann pi byen sitiayson sanzabri epi evalue efikasite sèvis nou yo. Biwo Planifikasyon ak Developman (Planning and Development Office) ki nan Depatman Sèvis Imen Vil Cambridge la se Ajans Lidè HMIS an, jan HUD defini l. Clarity Human Services se aplikasyon HMIS lan Cambridge Continuum of Care (CoC) itilize. Cambridge Coordinated Access Network (Cambridge CAN/C-CAN) la se sistèm entèvansyon kowòdone pou sanzabri pou Vil Cambridge, MA.

Nan Vil Cambridge, tout ajans yo ki patisipe nan anrejistre done kliyan nan HMIS pataje sèten nan done sa yo youn ak lòt, si sa nesesè. Sa siyifi ke si ou resevwa sèvis nan men yon pwogram k ap patisipe nan Cambridge HMIS la epi apresa ou bezwen èd nan yon lòt pwogram ki patisipe tou, estaf nan dezyèm ajans la pral chèche non ou epi l ap kapabjwenn pwofil ou. Lè sa a, yo pral mande w pou w konfime enfòmasyon ki egziste deja nan HMIS (tankou non, dat nesans ak nimewo Sekirite sosyal ou). Dezyèm ajans la pral kapab wè ki tip sèvis ou te resevwa anvan deja. Si w ap enskri nan C-CAN, estaf ou travay avèk li a pral kapab itilize dosye HMIS ou an pou ede bay dokiman ki esplike tan ou te pase antanke sanzabri.

Si ou ta renmen wèyon lis ajans ki patisipe nan Cambridge HMIS la, tanpri mande ajans la k ap ba w sèvis nan moman kounye a pou l ba w yon lis Ajans Patisipan yo oubyen al gade nan cambridgecoc.org/hmis-participating-agencies/. Tanpri sonje lis ajans yo k ap kontribye done nan HMIS la kapab chanje souvan epi san preyavi, kidonk yo ta dwe al konsilte wèbsayt la pou jwenn lis ki pi resan an.

Poutèt Cambridge HMIS gen done ki sansib, nou pran pwoteksyon lavi prive w oserye. Pwoteksyon ki annapre pou done w yo anplas depi kounye a:

- Se sèten estaf kalifye sèlman ki gendwa gade done kliyan endividiyèl yo nan chak ajans patisipan
- Pou kapab patisipe nan Cambridge HMIS la, lidè yo nan chak ajans dwe siyen yon Akò Ajans Patnè (Partner Agency Agreement) ki gen ladann yon angajman pou pwoteje done kliyan yo epi pou pwoteje karaktè konfidansyèl done kliyan yo.
- Pou kapab itilize HMIS, estaf ajans la dwe fè tout fòmasyon an nèt ki enfòme yo sou fason pou pwoteje zafè prive kliyan yo.
- Cambridge HMIS la ebèje sou yon sèvè ki sekirize epi done yo enkripte.

Ki enfòmasyon yo kolekte nan bazdone HMIS la?

Nou kolekte Enfòmasyon Idantifyan Pèsonèl (Personal Identifying Information, PII) epi enfòmasyon jeneral nou jwenn pandan admisyon ak evalyasyon ou, sa ki gen ladann, men se pa sa sèlman:

- Non ak enfòmasyon kontak ak adrès ou
- Nimewo sekirite sosyal ak dant nesans ou
- Enfòmasyon demografik debaz tankou sèks, ras ak etnisite
- Si ou yon veteran ou pa
- Foto w (nan sèten ajans sèlman epi li pa obligatwa)
- Istwa a antanke sanzabri ak istwa lojman ou (ki gen ladann kay kote ou rete kounye a epi kikote ak kilè ou te jwenn aksè nan sèvis yo)
- Dokiman ki gen pou wè ak elijibilité pou lojman

Si yo te evalye w pou C-CAN, nou gendwa pataje tou istwa medikal ak nivo andikal chak kliyan rapòt oumenm, ikonpri preyokipasyon osijè sante mantal ak sante fizik, istwa konsomasyon abiziv dwòg ak alkòl epi si moun lanenfekte ak VIH/SIDA, sous revni ak montan epi benefis ki pa lajan kach, enfòmasyon konsènan lòt manm fwye kay ou an epi istwa vyolans nan kay ou rapòt oumenm.

Poukisa y ap kolekte enfòmasyon sa yo?

- Pou founi epi kowòdone sèvis yo
- Pou evalye bezwen w yo ak bezwen zòt yo nan kominate nou an
- Pou redwi enfòmasyon ki anrejistre plizyè fwa
- Pou redwi kantite tan ou pase ap eseye jwenn sèvis epi asire w ke ou resevwa sèvis ou bezwen yo
- Pou satisfèegzijans finansye yo tankou Depatman Etazini Lojman ak Developman Iben (U.S. Department of Housing and UrbanDevelopment, HUD)
- Pou devlope ak amelyore pwogram yo pou travay pou mete fen nan zafè sanzabri nan kominate nou an

Kijan yo itilize enfòmasyon yo?

- Daprè bezwen ou genyen yo, ajans ki bay sèvis sosyal ak lojman gendwa itilize HMIS pou echanje, pataje epi/oswa divilge enfòmasyon yo kolekte sou ou. Objektif fòm sa a se pou resevwa pèmisyon ou pou pataje enfòmasyon yo, lèyo bezwen yo.
- Sa gendwa gen ladann kowòdone referans pou sèvis lojman epi, si sa aplikab, ede verifye sitiyasyon sanzabri moun yo.
- Yo gendwa itilize enfòmasyon yo pou larechèch ak evalyasyon. Si se sa, idantite pèsonèl ou p ap janm fè pati okenn rapò larechèch.

Ki dwa mwen genyen?

- Ou gen dwa pou resevwa sèvis, menmsi ou pa siyen fò konsantman sa a. Founisè yo pa ka refize ba w sèvis paske ou refize siyen, men yo oblige poze w kesyon pou admisyon an epi anrejistre enfòmasyon sa yo nan HMIS la; sepandan, yo pral swa fèmen dosye an anba kadna

(pou anpeche lòt estaf ajans patasipan an wè li) oubyen de-identifie li pou pa gen okenn fason yo ka konnen idantite w. Si w ap chape aktivman vyolangs nan kay, nou pa gen dwa anrejistre okenn done ki idantife w nan HMIS la. Si yo evalye w pou C-CAN, siyati w sou dokiman sa a pral ede nou detèmine elijibilite w pou paogram lojman yo.

- Si ou enskri nan C-CAN, ou gendwa sispann patisipe nan pwogram la nenpòt kilè, lèou kontakte Kowòdonatè C-CAN la nan cambridgeCAN@cambridgema.gov oubyen rele nan 617-349-7715.
- Ou gen dwa pou wèyon kopi enfòmasyon yo nan dosye HMIS ou an epi pou mande chanjman, sou prezantasyon yon demand alekri.
- Ou gen dwa mande yon kopi Avi Pwoteksyon Enfòmasyon Prive ou yo, ki bay plis enfòmasyon konsènan fason nou kapab itilize oubyen divilge enfòmasyon ki kolekte nan HMIS la.
- Fòm sa a pral ekspire 7 lane apatide dat ou siyen li. Ou gendwa revoke konsantman ou nenpòt kilè anvan sa, men revokasyon ou dwe fèt swa alekri oubyen ou dwe ranpli fòm Revokasyon Konsantman an. Ajans k ap ba w sèvis yo dwe mete fòm sa a adispozisyon ou, si ou fè demand la. Ou dakòke si ou revoke konsantman ou, a p ap chanje anyen nan enfòmasyon yo te deja gen tan revele yo.
- Si ou gen nenpòt kesyon oubyen ou santi enfòmasyon ou yo te mal itilize, ou kapab kontakte Cambridge CoC epi voye yon imèl nan PlanningDev@cambridgema.gov oswa rele nan [617- 349-6206](tel:617-349-6206).

SIYATI AK KONFIMASYON

Siyen mwen siyen anba la a, mwen afime ke mwen li dokiman sa a oubyen yon moun te li/oswa yo te esplike li banmwen epi mwen konprann epi mwen dakò ak kondisyon dokiman sa a.

OBSÈVASYON: Si ou gen yon fanmi/fwaye kay ki gen depandan (timoun) ki pokon gen 18tan, tanpri ranpli do fòm la tou.

Non Kliyan an (an gwo lèt) _____

Siyati Kliyan an _____ Dat ____/____/____

Non Temwen/Estaf Ajans la _____

Siyati Temwen/Estaf Ajans la _____ Dat ____/____/____

Non Ajans la _____

Timoun ki poko gen 18tan (si genyen):

Non: _____ Dat nesans: ___/___/___ Non: _____ Dat nesans: ___/___/___

Non: _____ Dat nesans: ___/___/___ Non: _____ Dat nesans: ___/___/___

Non: _____ Dat nesans: ___/___/___ Non: _____ Dat nesans: ___/___/___